


Bay tete bon pou ti bebe yo

- Plis ou bay tete, ti bebe ou an ap gen mens risk pou li fè SIDS.
- Ti bebe ki pran tete vin soufri mwens ak gen lagrip ak enfeksyon zorèy.
- Doktè di paran yo pou bay ti bebe yo sèlman lèt tete pandan premye 6 mwa yo.



Ti bebe yo bezwen tan sou vant



- Jis paske ou mete ti bebe a domi sou do pa vle di ke tan sou vant pa enpòtan!
- Ti bebe bezwen tan sou vant pandan li leve chak jou ak yon gran moun.
- Tan sou vant ede ti bebe yo apran rale ak bouje.
- Gen ti bebe ki petèt pap renmen tan sou vant òdebi. Mete yon jouwèt tou pre pou yo ka lonje men yo pou jouwe ak li.

Lòt fason pou kenbe tibe a senèsòf

- Fòk yo kenbe ti bebe yo po a po ak manman an osi tò ke ti bebe a fèt ke posib, òmwèn pandan premye èdtan an.
- Pran bon swen tèt ou ak ti bebe ou an- manje byen & woue yon doktè sou yon baz regilye.
- Kenbe tout vaksen obligatwa ti bebe ou an ajou.
- Bay ti bebe ou an yon sison pandan syèst & al kouche le swa.

Kisa ki SUID ?

Lanmò Sibit Enprevi [Prevwa] Tibebe (**SUID**) se lanmò sibitman yon ti bebe ki fèt sibitman ak san yo pat prevwa a sa avan ke ti bebe a gen èn an. Gen 3 kalite **SUIDs**, Maladi Lanmò Sibit Ti Bebe [Sudden Infant Death Syndrome] (**SIDS**), **accidental etoufman ak trangle** nan kaban è kòz yo pa konen.

Sa ka rive... paske li ap fèt!

Fè sou SIDS

- SIDS se kòz lanmò ki pli komen nan ti bebe ki gen 1-12 mwa daj.
- La plipa lanmò SIDS pase nan mwa divè.
- Ti gason gen ples chans ke ti fi pou mouri ak SIDS.
- Ti bebe nwa gen de fwa plis chans pou mouri ak SIDS ke ti bebe blan

Toufe & Trangle Pa Aksidan

Ti bebe ke yo mete domi an sekirite ka andomaje oswa menm mouri. Yon ti bebe ka sòt tonbe de yon kaban oswa yon sofa, ka emele nan dra ak len, oubyen ka kole ant matla a ak mi an. Yon ti bebe ka mouri tou lè yon gran moun oswa yon timoun woule sou ti bebe a pandan yo kouche sou menm kaban lan.

Pa Kon Kòz Lanmò a

Yo paka determinen lanmòti bebe a apre yon ankèt komplè.



Pwoje sa finanse, an pati, anba yon kontra ak Depatman Sante Pennsylvania an kolaborasyon ak Penn Medicine and Maternity Care Coalition.



Pou plis enfòmasyon, jwen nou sou entènèt lan:

www.PASafeSleep.org

Kenbe ti bebe senèsòf pandan yap domi fasil kouwe PDB.

Pou kont **D**o **B**eso



Konsèy Pou Domi Senèsòf*

Swiv 8 etap sa yo pou kenbe ti bebe ou senèsòf ak an sante.

1. Mete ti bebe ou an kouche sou so pandan li ap domi jiska ke yo gen èn nan daj.
2. Yon ti bebe fèt pou domi nan menm chanm ak yon adilt, men nan pwòp beso li. Pa janm mete ti bebe a domi sou yon divan, chèz, kaban ak matla dlo oswa yon espas ki mou.
3. Pa mete pwoteksyon besò, dra, zoreye nanbeso ti bebe ou a.
4. Sèl bagay ki pou nan besò ti bebe a se yon matla byen di & yon dra ki byen kouvri matla a.
5. Pa janm mete ti bebe a domi nan yon besò ki fèt plis ke 10 zan de sa oubyen ki gen moso ki manke oswa kase.
6. Pa fè chanm kote ti bebe ou an ap domi two cho. Abiye ti bebe a ak pa plis ke yon nivo rad anplis ke sa ou ap mete ou menm.
7. Toujou mete ti bebe ou an sou do nan besò yo apre ou bal manje.**
8. Evite ke ti bebe an bò lafimen, alkòl & dwòg ilegal.

* Rekomande pa American Academy of Pediatrics (AAP) [Akademi Ameriken Pediatri]
 ** Li pwouve ke bay tete redwi risk SIDS.

Kreye yon Espas Senèsòf pou Ti bebe ou Domi

Sonje pou ou anseyen lòt moun ki ap okipe ti bebe ou an konsèy sa yo!

Domini Senèsòf



- Fòk poto kwen yo pa depase wotè 1/16".
- Sèvi ak yon matla byen sere nan besò a.
- Bawo nan besò a fèt pou byen sere ansanm, san ke yo pa gen anpil espas antre yo.
- Tout pati kaban lan fèt pou byen sere è non lach.
- Fòk ti bebe a pou kont li nan besò a, san oken lòt bagay ke yon dra ki byen kouvri matla a.

Danjere!



- Pa fèt pou oken moso ki manke oswa kase (vis, kwochè elatriye)
- Pa fè chanm kote ti bebe ou an ap domi two cho.
- Oken objè dekoupe sou tetkaban lan oswa pye kaban lan.
- Pa janm mete nounous oswa jouwèt nan besò ti bebe ou an.
- Pa sèvi ak kontou pwoteksyon besò yo, kouvrel, len oswa zoreye.

Li pa senèsòf pou ou domi nan menm kaban ak yon ti bebe

Gran moun, timoun, zanimo kay ki domi nan menm kaban ak ti bebe a yap mete ti bebe an an risk pou li andomaje oswa lanmò li.

Risk pataje kaban ak yon ti bebe

- Ti bebe ka woule tonbe de yon kaban & vinandomaje.
- Ti bebe yo ka vin kole ant kaban lan ak mi an epi sispan respire.
- Yon gran moun oswa yon timoun kap domi ka vire sou ti bebe a.
- Domi ak len, dra, kouvrel ak zoreye ka yon danje pou ti bebe ki ka vin anmele ladan yo oswa vin toufe.
- Si ou ap bay ti bebe a manje & ou panse ou ka andomi, bay ti bebe a manje pandan ou chita sou kaban ou pase ou chita nan yon sofa oswa yon chèz ki mou. Si ou ta andomi ou, deske ou leve ale mete ti bebe a nan pwoòp besò li an.



Pwogram Edikasyon ak Prevansyon Sendwòm Lanmò Sibit Tibebe Pennsylvania
Deklarasyon Rekonesans Volontè

Enstriksyon pou lopital/Lye Nesans/Pwaktisyen (fanm saj): Ranpli de fòmilè pou chak fanmi anvan egzeyat lopital la oswa apre nesans tibebe a (yo) pou fanmi k ap akouche deyò yon lopital oswa nan sant nesans. Bay paran (yo) enfòmasyon sou Sendwòm Lanmò Sibit Tibebe ak mezi prevansyon. Mande pou paran an (yo) volontèman siyen fòmilè sa a pou endike yo te resevwa li, epi konprann enfòmasyon sou Sendwòm Lanmò Sibit Tibebe ak mezi prevansyon an. Bay paran yo yon kopi fòmilè ki siyen an epi kenbe yon kopi nan dosye medikal la.

Lopital/Sant Nesans/Praktisyen an (fanm saj la) dwe ranpli:

NON LOPITAL LA: _____

(NON LEGAL TIBEBE A: _____

DAT NESANS: _____

SÈKS: M F

Paran (yo) bay Enfòmasyon sou Sendwòm Lanmò Sibit Tibebe ki gen ladan bwochi, DAT: _____

NÒT:

Paran, bòpè/bèlmè, paran adoptif, titè legal oswa gadyen legal dwe ranpli:

Paran: Lopital la ban mwen enfòmasyon sou Sendwòm Lanmò Sibit Tibebe a ak Dòm San danje pou Tibebe a. Mwen volontèman siyen deklarasyon sa a pou m rekonèt mwen te resevwa li epi mwen konprann enfòmasyon SIDS bay yo.

SIYATI, MANMAN: _____ REFIZE: DAT: _____

SIYATI, PAPA: _____ REFIZE: DAT: _____

SIYATI, LÒT: _____ REFIZE: DAT: _____

(bèlpè/bòpè, paran adoptif, titè legal, gadyen legal)

Fòmilè sa a ak enfòmasyon ki akonpaye yo bay an akò ak Lwa 73 de 2010.